

PANGARUH TINGKAT LITERASI KANA EFEKTIVITAS PEMBELAJARAN

(Survei Pada Mata Pelajaran Ekonomi Kelas XI IPS Semester Genap di SMAN 3
Cimahi Taun Ajaran 2022/2023)

Ku:

Rini Nadia Antika
195020036

RINGKESAN

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho: (i) tingkat literasi siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2022/2023. (ii) efektivitas pembelajaran siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2022/2023. (iii) pangaruh literasi kana efektivitas pembelajaran siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2022/2023. Dina panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalawan metode nu digunakeun nyaeta survei sareng tehnik ngumpulkeun data dina wangun kuesioner jeung dokumentasi. Sampel dina panalungtikan ieu nyaeta siswa kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi saloba 120 siswa. Dumasar kana hasil panalungtikan, nuduhkeun: (i) tingkat literasi siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2022/2023 kaasup kana kategori alus sabab nunjukeun hasil rerata 3,21 kalawan persentase 64,2%. (ii) efektivitas pembelajaran siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2022/2023 2023 kaasup kana kategori alus sabab nunjukeun hasil rerata 3,19 kalawan persentase 63,8%, (iii) tingkat literasi miboga pangaruh cekap kana efektivitas pembelajaran siswa di kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi saloba 38,5%. Hipotesis dina panalungtikan ieu kabuktosan yen “Aya pangaruh tingkat literasi kana efektivitas pembelajaran dina mata pelajaran ekonomi kelas XI IPS SMAN 3 Cimahi”. Salaku hasil panalungtikan, Panulis nyarankeun: (i) pikeun sakola dipiharep kagiatan literasi tiasa diterapkeun ka sadayana boh eta peserta didik sareng tenaga pendidik pikeun tiasa ngaciptakeun efektivitas pembelajaran nalika kagiatan diajar ngajar di kelas (ii) pikeun guru, hususna guru ekonomi dipiharep tiasa ngamotivasi siswa pikeun ngaronjatkeun literasi jeung nyieun kabiasaan maca samemeh kagiatan diajar ngajar lumangsung (iii) pikeun peserta didik, dipiharep tiasa ngaronjatkeun literasi pikeun ngalegaan cakrawala sarta bisa numuwuhkeun kabiasaan maca sangkan tercipta pembelajaran anu senang jeung aktif. (iv) pikeun panalungtik séjénna, dipiharep tiasa janten bahan référénsi pikeun panalungtik séjénna anu baris ngayakeun panalungtikan dina widang anu sarua.

Kecap Konci: Literasi, Efektivitas Pembelajaran